



**Department of Health
& Mental Hygiene**

**Department of
Education**

16 me 2022

Chè fanmi,

Akoz ogmantasyon ka COVID-19 yo ak moun ki entène lopital nan Vil Nouyòk, **kounye a vil la nan yon nivo alèt ki wo (koulè oranj) pou COVID-19**. Sa vle di gen anpil pwopagasyon COVID-19 nan vil la.

Nou ankouraje w pran prekosyon sa yo pou pwoteje fanmi w ak kominote nou yo:

- **Mete yon mask** Nou rekòmande tout moun ki gen laj 2 lane pou pi piti pou mete yon mas ki byen chita nan tout kote publik lè yo andedan, tankou nan lekòl ak nan pwogram edikasyon pou debitan (early childhood education, ECE), menmsi yo pa egzije sa. Ankouraje pitit ou a mete yon mas pandan li lekòl oswa nan pwogram ECE ak lè li ansanm ak zanmi. Lekòl pitit ou a gen mas ki disponib.
- **Pran vaksen ak dòz ranfòsman (booster)**. Tout moun ki gen laj 5 lane pou pi piti ta dwe pran vaksen kont COVID-19, ladan tou yon dòz booster lè w elijib. Vaksen sove vi anpil moun epi li se meyè defans kont viris la. Jwenn yon lokal vaksen nan nyc.gov/vaccinefinder oswa rele nan 877-VAX-4NYC (877-829-4692). Ou ka pran vaksen gratis, kèlkeswa kondisyon imigrasyon w oswa aspirans ou.
- **Rete lakay ou si w malad**. Tout moun ta dwe rete lakay yo si yo malad oswa si yo teste pozitif pou COVID-19 epi suiv tout pwotokòl yo, tankou kouvri vizaj byen kouvri pou 10 jou.
- **Fè tès**. Tout moun ta dwe teste si yo gen sentom COVID-19, si yo te avèk yon moun ki te gen COVID-19, si yo te vwayaje oswa si yo te nan yon aktivite ki gen anpil moun. Lekòl yo bay chak timoun kat kit tès pou fè lakay pa semèn epi kote pou fè tès disponib nan tout vil la. Pou jwenn yon lokal ki fè tès, ale nan nyc.gov/covidtest. Tès la gratis nan plizyè lokal.
- **Konsidere lòt prekosyon, tankou evite foul, limite rasambleman avèk yon ti kantite moun, ogmante vantilasyon epi mete yon mas ki gen pi bon kalite**. Sa enpòtan espesyalman pou moun ki gen gwo ris akoz laj, kondisyon sante ki egziste deja oswa akoz yo pa vaksinen.

Si oumenm oswa pitit ou a teste pozitif pou COVID-19, rele doktè w oswa rele nan 212-COVID19 (212-268-4319) pou mande ki opsyon tretman ki genyen pou moun ki gen laj 12 lane pou pi piti. Pou jwenn plis enfòmasyon, tankou kiyès ki elijib, ale nan nyc.gov/health/covidtreatments. Si pitit ou a teste pozitif, tanpri fè lekòl li oswa pwogram ECE li a konnen. Timoun ki teste pozitif oswa ki rete lakay avèk sentom ka resevwa aprantisaj sou entènèt ak lè biwo gratis pandan yo malad la.

Si nou tout fè sa nou dwe fè, nou ka konbat vag COVID-19 sa a epi pase yon prentan ak yon ete ansekirite ak ansante.

Avèk senserite,

Ashwin Vasan, MD, PhD

Komisè

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk

David C. Banks

Chanselye

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk